



# HAMILTON TOWNSHIP SCHOOL DISTRICT

## DEPARTMENT OF STUDENT SERVICES AND PROGRAMS

2445 Kuser Road, Suite 102 • Hamilton, New Jersey 08690

Telephone: 609-631-4165 ext. 3745 • Fax: 609-631-4134

Twitter, Facebook, YouTube, Instagram: @WeAreHTSD

Website: [www.htsdnj.org](http://www.htsdnj.org)

**Marta Audino**

**Director of Student Services and Programs**

Dat: \_\_\_\_\_

Pou Paran/Gadyen de: \_\_\_\_\_

Enfimyè lekòl la te fè m konnen pitit ou a pa an konfòmite ak youn nan kondisyon sa yo ki obligatwa nan Kòd Sanitasyon New Jersey (N.J.S.C) ak Kòd Administratif New Jersey (N.J.A.C.).

\_\_\_\_\_ **Konplè** Dosye Vaksinasyon dapre N.J.A.C. 8:57-4.1 jiska 4:20

Vaksen ki obligatwa: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_ Egzamen fizik pou enskripsyon pa yon doktè oswa reprezantan yo (PA, NP)

Paran oswa gadyen oblije bay dokimantasyon yon egzamen fizik pou chak elèv **nan 30 jou apre enskripsyon.**

**Tanpri sonje pitit ou a pral ekskli nan lekòl jiskaske nou resevwa dokiman obligatwa yo.** Ou ka bay dokiman doktè ki montre vaksen yo ak egzamen fizik yo ki te fini, oswa ke ou genyen yon randevou pou resevwa vaksen yo oswa egzamen fizik yo. Randevou a dwe yon kat randevou doktè oswa yon nòt nan men doktè pou randevou a.

Si ou pa gen asirans oswa si asirans ou pa kouvri sèvis vaksen yo, ou ka kontakte Divizyon Sante Hamilton Township pou vaksen gratis. Tanpri fè enfimyè lekòl ou a konnen dat randevou a.

Hamilton Township Division of Health  
2100 Greenwood Avenue  
Hamilton, NJ 08690  
609.890.3884

Si w bezwen yon egzamen fizik pou pitit ou a, tanpri kontakte enfimyè lekòl ou a pou plis enstriksyon sou kote ou ka jwenn yon egzamen gratis.

**Yo pral ekskli pitit ou a nan lekòl la \_\_\_\_\_.** Tanpri bay dokiman sou kondisyon yo oswa yon **kat randevou pi vit posib.**

Mèsi pou atansyon ou nan zafè sa a.

Sensèman,

*Marta Audino*

Marta Audino, MAT, M.Ed.  
Direktè Sèvis ak Pwogram Elèv